

Vaksen kont COVID-19

rete pi bon defans
nou kont viris la.



Yo bay plis pase **700 milyon dòz vaksen kont COVID-19** Ozetazini.
Etid yo montre vaksen kont COVID-19 yo **san danje** epi yo **anpeche plizyè milyon moun entène lopital** epi yo **sove lavi plizyè milyon moun**.

NYC
Health

Tout moun ki gen 6 mwa ak plis ta dwe pran yon vaksen ki ajou kont COVID-19.

Vaksen kont COVID-19 yo:

- Ka diminye gravite sentòm ou yo si pran COVID-19
- Diminye risk ou genyen pou w entène lopital epi mouri akòz COVID-19
- Diminye risk ou genyen pou w devlope COVID ki dire lontan

Vaksen kont COVID-19 yo patikilyèman enpòtan — epi yo ka sove lavi — pou:

- Moun ki gen 65 an ak plis
- Tibebe ki gen laj 6-23 mwa
- Moun ki ansent oswa ki fèk akouche
- Moun ki gen sèten pwoblèm sante oswa andikap

Pran yon vaksen ki ajou, menm si ou te deja gen COVID-19 oswa ou te deja pran vaksen an. Vaksen ki ajou yo pwoteje kont varyan aktyèl yo epi yo ranfòse pwoteksyon ou, sa ki ka diminye ofiramezi. Efè segondè vaksen an — ki gen ladann maltèt, fatig, ak doulè nan zòn ou pran piki a — jeneralman yo lejè jiska modere epi yo disparèt nan kèk jou.

Mande pwofesyonèl swen sante w la oswa famasyen w lan si yo ofri vaksen kont COVID-19 la. Ou kapab jwenn tou kote pou pran vaksen nan Vil New York lè w ale sou sitwèb **nyc.gov/health/map** oswa lè w eskane kòd QR la. Medicaid, Medicare, ak anpil lòt plan sante kouvri vaksinasyon kont COVID-19.

Pran vaksen anyèl kont rim nan tou. Li san danje pou pran vaksen kont COVID-19 la ak rim nan an menm tan.

Anplis de sa, rete lakay ou lè w malad, kouvri bouch ou lè w ap touse ak estène, mete mask, lave men w, epi dezenfekte sifas yo se fason enpòtan pou diminye risk ou genyen pou w trape COVID-19 ak lòt viris. Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb **nyc.gov/coronavirus** oswa pale ak pwofesyonèl swen sante w la.

